411
510
Wir
S
TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011
Regt T 0.20

SERAT
PANGOELIR BOEDI

KAIMPOEN DÉNING

WIRJASAKSANA







UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR

DIKELOEWARKAN OLEH
BALAI POESTAKA

R.DUCRD. UITV.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

S

370/W7

Sent Pangolki Boldi

Wijas

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

erie No. 411

Regi f 0.20.

S

510
Wir
S

SERAT PANGOELIR BOEDI

KAIMPOEN DÉNING

WIRJASAKSANA

WEDALAN

BALÉ POESTAKA

ing

WELTEVREDEN 1920.

Kaetjap ing pangetjapanipoen
E. Fuhri & Co. Soerabaia
1920.

P. DUCRO. UITV.

ANRI

1. Aboe lan Brahim.

A. Brahim! apa kowé bisa gawé „i" ditjetjek loro? (:)

B. Bisa baé, (ï) rak ija mangkéné ta?

A. O, ikoe loepoet.

B. Loepoet kaprijé ta? Djaré maoe „i" ditjetjek loro. Apa ikoe pangrasamoe teloe?

A. Pantjèn weroehkoe, anggonmoe noelis ikoe moeng kotjetjek loro. Nanging loepoet. Ikoe doedoe „i" ditjetjek loro.

B. Lah apa, olèhmoe ngarani?

A. Lah kowé apa wis narima ora bisa? Olèhmoe noelis ikoe „i" ditjetjek sidji.

B. Kowé ikoe apa gendeng ta Aboe? Lah wong wis genah ana loro (..) mangkono, djeboel diarani sidji.

A. Sing gendeng ikoe kowé. Botjah wis pangkat IV ora ngerti kang diarani „i". Mangka botjah pangkat II baé bisa. Mara ta, gagasen manèh.

B. Akoe ija, weroeh kang diarani „i", rak ija mangkéné ta?

A. Lah kena ngapa katik ora bisa gawé „i" ditjetjek loro?

B. O, wis ngerti saiki. Akoe klèdeng, lah wong sing diarani „i" ikoe (i), jèn ditjetjek loro dadi (i) ha, ha, ha! Ija, wis ngerti tenan akoe.

A. Akoe woes ngira, jèn sing koarani, „i" ikoe mesti (ı) tanpa tjetjek. Moelané „i" koarani „i" ditjetjek loro.

B. Ija, wis mara saiki akoe takon genti.

2. Brahim lan Aboe.

B. Apa kowé bisa ngedegaké endog iki ana ing médja kono. (Brahim karo noedoehaké endok woetoeh kang oewis kagodog). Mengko nèk kowé bisa ngadegaké, endog ikoe pèken.

A. Mengko disik takboediné.....Mara deloken! (Aboe anggoné ngadegaké, bola-boli tansah roeboeh. Woesana nerang marang si Brahim). Brahim, kowé maoe moeng akon angger bisa ngadeg baé?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

B. Ija, nanging adja kogandjel apa-apa, ing kono. Dadi koedoe bisa ngadeg ana ing rata kono baé.

A. Ija takpikiré manèh ..... (Tinamoening nalar, endog maoe bisa ngadeg, angger ditoetoekaké panjèlèhé). Mara saiki mesti bisa ngadeg, delengen! (Aboe anggoné njèlèhaké sarana katoetoekaké, ing kono tjangkoké boetjek, moelané bisa ngadeg). Saiki dadi pangankoe.

B. Lah karepkoe pantjèn soepaja koadegna mangkono. Ja wis, panganen. Saiki akoe genti.

3. Aboe lan Brahim.

A. Mara Brahim roengokna. Tangan kiwa karo tangan tengen, (èpèk-èpèk kiwa karo tengen), pada golékan. Sing digolèki èpèk-èpèk tengen, oetawa kosok baliné. Epèk-èpèk tengen maoe anggoné ndelik ing panggonan kang angèl-angèl, meksa ketjandak baé. Nanging bareng ndelik ana ing panggonan kang adakan, malah ora bisa ketjandak. Lah ingendi pandeliké?

B. Ana ing geger.

A. Mara tjobanen: tanganmoe kiwa dokokna ing geger, tanganmoe tengen bisa njekel apa ora. (Brahim njoba, njata bisa ketjekel. Njoba didokok ing lakang, sangsaja gampang katjekelé). Tjekaké jèn moeng ditjoba baé, ora nganggo dipikir, mesti tansah ketjandak baé. Mara ta pikiren disik, ingendi pandeliké.

B. Ija takpikiré ..... . Ah ora bisa akoe. Mara kaprijé?

A. Mesti ora bisa. Lah wong kang koarani ndelik ikoe koedoe ora weroeh ing mripatmoe. Dadi kopada kaja djéloengané botjah-botjah. Epèk-èpèk mono rak ora doewé mata. Dadi kang diboedi anggeré ora katjandak.

B. Lah gèk ana ingendi?

A. Mara èpèk-èpèkmoe dokoken ing sikoet. Bisa ketjekel apa ora.

B. (Brahim njoba, bareng ketjekel noeli goemoejoe) „Ha,ha, ha! Djeboel ana ing kono. Akoe gentèn lo."

A. Ija, agé.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

4. Brahim lan Aboe.

B. Aboe! apa kowé entèk gedang sidji?
A. Entèk baé. Mbok loro ta.
B. Mara gedang sidji iki baé tjakoten ping sapoeloeh, mengko jèn bisa entèk, blandjakoe rong sèn, sésoek pèken kabèh.
A. Adja sing ping sapoeloeh, ping pat baé mesti entèk.
B. Ija ping pat malah oetama. Enja entèkna.
A. Diontjèki lo iki.
B. Ija, wong mangan gedang jèn ora diontjèki.
A. (Aboe bareng wis ngontjèki, noeli tjalatoe): „Wis étoengana Brahim." (Kambi njakot sapisan).
B. (Brahim ngétoeng) „Ja, lagi sapisan."
A. (Aboe njakot kang kapindo).
B. (Brahim ngétoeng manèh): „Ija ping pindo." (Ping teloené Aboe ora njakot, nanging ngemplok). Brahim énggal angelokaké: „Lah teka diemplok. Dèk maoe djangdjiné rak ditjakot ta?"
A. (Si Aboe sanalika bandjoer ngerti bédané temboeng „njakot" karo „ngemplok" moelané trima kalah).
B. Akoe nggagas, angger si Aboe kliroe tampa, temboeng „njakot" dipadakaké „ngemplok" mesti akoe menang. Dilalah temenan.
A. Moela ija mangkono. Wis akoe genti.

5. Aboe lan Brahim.

A. Mara Brahim, godong teloeng soewèk ikoe toegelen ping teloe, dimèné dadi sanga.
B. Ah loepoet olèhmoe kanda koewi. Disoewèk ping pindo bèneré.
A. Jèn olèhé noegel ping pindo, ora soesah ngoelir boedi. Angger botjah baé ngerti.
B. Ija mengko disik takpikiré ..... . Ah kaprijé, teka ora bisa dadi sanga.
A. Lah mesti ora bisa. Lah wong panoegelmoe ping teloe, neloe mangkono.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

B. Apa kena ditoegel sakarepé, anggeré ping teloe, mangkono.
A. Ija mangkono.
B. Mara taktjobané.



Godong kang ngisor.



Godong kang tengah.

Godong kang doewoer.

(Katerangan: godong gedang teloeng soewèk, katata kaja gambar ing doewoer. Tanda 1 ikoe noegel sapisan. Tanda I, II, III ikoe pangétoenging toegelan).

B. Lah saiki kebeneran. Ija apa ora Aboe?
A. Lah ija mangkono.
B. Iki maoe pamikirkoe, sadoeroengé taktata mangkono, doepèh teloeng soewèk baé bandjoer daksoewèki (daktoegeli neloe).
A. Akoe rak ija ora akon noegel neloe ta?
B. Ija. Sésoek akoe genti lo.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

6. Brahim lan Aboe.

B. Aboe! saiki kowé takwales. Ana kotakan kaja mangkéné:



Ikoe isènana angka oeroet 1 toemekané 9. Angka maoe jèn digoenggoeng menjang ngendi-endi, katemoe limalas. Jèn kowé kongsi bisa ngisèni bener, ing sadjam, blandjakoe sésoek pèken.

A. Saoepama doeroeng kongsi sadjam wis bisa ngisèni toer bener, akoe ora ngepèk blandjamoe, mangkono apa?

B. (Brahim pantjèn ija arep njrékol siré, nanging rèhné wis diterangaké, dadi bandjoer moeni manèh): „Ja wis, jèn wis mangerti. Saiki ora soesah totohan, wis isènana."

A. (Aboe ngisèni, bareng wis antara soewé noeli rampoeng, terangé mangkéné:

4	9	2
3	5	7
8	1	6

tjalatoené): „Ta, bener apa ora?"

B. Ija bener.

A. Saiki akoe genti.

7. Aboe lan Brahim.

A. Ana wong leloengan, liwat ing djoerang kang ana woté tjijoet, ora kena kanggo simpangan. Dilalah ana sate-ngahing wot kono kepapag karo wong, sakaroné pada emoh bali. Lah kaprijé pratikelé, bisané pada slamet ora tiba, sarta bisa teroes?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Nèk pantjèné ija koedoe ngalah salah sidji.
A. Jèn mangkonoa wis ora diremboeg.
B. Salah sidji koedoe ndodok, dimèné dilangkahi.
A. Lah jèn mangkono mesti slamet.
B. Akoe genti.

8. Brahim lan Aboe.

B. Aboe apa kowé isih éling, tjangkriman kang ana ing lajang watjan anggitané toewan L. G. Bertsch bijèn kaé?
A. Tjangkriman apa ta?
B. Ana wong désa moelih saka pasar, noentoen wedoes sidji, njoenggi soeket sabentèl, sarta diiringaké asoené gedé sidji. Lakoené ngliwati kali djero. Ing kono ana praoe témbo sidji. Praoe maoe jèn dimomotana gegawan lan asoené, ora amot. Wong maoe noeli mikir-mikir, anggoné bakal njabrangaké gegawan lan asoené maoe. Nanging kéwoehan banget, awit manawa soeketé disabrangaké disik, koewatir jèn wedoesé ditjakot ing asoené. Jèn asoené disik, koewatir jèn soeketé dipangan ing wedoesé. Moenggoeh kang mangkono maoe, kaprijé panemoemoe, apané kang disabrangaké disik?
A. O, kaé. Sing disabrangaké disik, wedoesé. Kang kèri soeket lan asoené. Asoe rak ora dojan soeket ta? Noeli mbalèni asoe. Kang kèri moeng soeketé. Asoe wis disabrangaké, noeli mbalèni soeket, nanging wedoesé digawa bali, awit jèn ditinggal moendak ditjakot asoe. Lah saiki wedoes ditinggal, soeket digawa, noeli mbalèni wedoes maoe.
B. Ija, bener. Teka isih éling ta, Aboe!
A. Ja, rada lali.

9. Brahim lan Aboe.

B. Mara saiki tjangkriman tembang poetjoeng Aboe, badénen.
A. Ija, tjoba.
B. Mara roengokna: Bapak poetjoeng, ora mata ora iroeng, tan sikil tan tangan, tjangkemé amoeng satoemil, lamoen koerda si poetjoeng ngoental pandapa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

A. Mengko takpikiré. Ah wis ketjandak. Bedoedan ikoe.
B. Kaprijé teka bedoedan.
A. Ija, awit bedoedan ikoe ora mata, ora iroeng, ora doewé sikil lan tangan, tjangkemé moeng satoemil, nanging sok ngentèkaké pandapa. Karepé: jèn sing njerèt wis ora doewé doewit, mesti adol pandapané, bakal kanggo toekoe tjandoe. Jèn wis ditjockit ora woeroeng dilolohaké marang bedoedan, soewé-soewé entèk.
B. Ha, ha, ha, pinter kowé Aboe.

10. Aboe lan Brahim.

A. Saiki akoe gentèn, Brahim! Ija tembang, nanging sinom. Tembangkoe iki mengko kena takanggo mbatang toelisan (sawidjining aksara kang isih menga) kang kotoelis.
B. Kaprijé mara takroengokné.
A. Ija. Iki akoe mengko takon marang kowé, sing mentas dakoenèkaké, ana aksarané kang menga, pada lan olèhmoe noelis ikoe, apa ora. Jèn ora ana ija moenia ora ana, jèn ana moenia ana. Kowé adja noedoehaké kang kotoelis. Aksara kang woes mati ara kapétoeng.
B. Ija, taknoelis: (ba).
A. Takmoeni ja:
Sigra kang bala toemingal, | I.
atjampoeh sami medali, |
Ana apa ora?
B. Ana.
A. lir tatit wileding ganda, | II.
moentjangnja mangoendang niti |
Ana apa ora?
B. Ora ana.
A. béndjang sang adji midjil, | III.
latinja medali woewoes, |
Ana apa ora?
B. Ana.
A. troesta soera wilaga, | IV.
kaja boeta singa wregil, |

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Ana apa ora?

B. Ana.

A. pasti djangga dendanja | X.
mangambak baja. |
Ana apa ora?

B. Ana.

A. Lah sing kotoelis ikoe: ba.

B. Wé, lah, njata pinter si Aboe. Kaprijé teka bisa weroeh?

A. Lah ngertia. Tembang ikoe maoe angger rong pada, mesti dakselani takon: ana lan oranė. Dėné pitakonkoe maoe, kang sapisan dakangkani I, kapindoné II, kaping teloené III, kaping paté IV, kaping limané X. Dèk akoe takon kang sapisan, kowé mangsoeli: ana; ikoe akoe njatet I. Takon kang kapindo: ora ana; akoe ora njatet. Takon ping teloené, wangsoelanmoe: ana; akoe njatet III. Takon kang kaping pat, wangsoelanmoe: ana; akoe njatet IV. Takon kaping limané, ija ana; akoe njatet X. Tjatetan maoe noeli dakgoenggoeng, ja ikoe: I + III + IV + X = XVIII. Lah aksara apa kang nomer 18, dioeroet saka: ha- na- tja ra - ka - da - ta - sa - wa - la - pa - da - dja - ja - nja - ma - ga-ba-ta-nga. Ja ikoe ba.

B. Wah, kawroehmoe teka doewoer mangkono Aboe. Ija sésoek takwales kowé.

A. Ija.

11. Brahim lan Aboe.

Anoedjoe sawidjining dina wajah ésoek, botjah loro maoe arep mangkat sekolah, Brahim nggawa garisan, Aboe ora. Brahim nemoe akal, garisané soepaja diloempati si Aboe, noeli tjalatoe:

B. Aboe! sanadjan garisankoe iki dawané moeng limang dèsi mèter, nanging akoe wani totohan, mesti ora ana kang bisa ngloempati.

A. Bisa akoe, totohanmoe apa?

B. Jèn kowé bisa, rong sèn pitoewasé. Lah jèn ora bisa, apa sing kowènèhaké akoe?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

A. Akoe ija mènèhi rong sèn marang kowé.
B. Ija, tenan lo. (Brahim bandjoer masang garisané, disèndèkaké ing gedèg, kambi tjalatoe): „Wis énggal loempatana."
A. Lah sapa sing bisa ngloempati, nèk akalmoe kaja mangkono.
B. Lah généa kowé teka ora nerang ing pandokokkoe. Salahmoe déwé.
A. Ija, wis kalah akoe. Mengko jèn moelih saka sekolah. kowé dakbedèki genti.

12. Aboe lan Brahim.

Botjah loro maoe bareng wis ana ngomah, noeli bedèkan manèh. Aboe tjalatoe:

A. Brahim mara deloken iki. Godong gedang kang ambané sasoeroe iki daksèlèhaké ing médja, noeli daktindihi tjangkir kang kebak isi wédang. Kaprijé pandjoepoeké godong ikoe, tanpa nggepok tjangkiré, lan ora kena moetahaké wédangé?"
B. Lah ija didoedoet alon-alon mangkono.
A. Jèn mangkono mesti woetah, wédangé.
B. O, wis mangerti akoe. Godong ikoe daksendal kinagètaké, panjendalé oeroet loemahing médja.
A. Lah ija mangkono.

13. Brahim lan Aboe.

B. Mara, saiki kowé daktjangkrimi Aboe! Ana masdjid dikoebengi baloembang, oepanané mangkéné gambaré:



Ambané bloembangé ikoe 3 M. Ing kono ora dikreteg, minangka dalané marang masdjid ikoe, awit soemelang manawa dileboni asoe, moelané ing kono moeng ditjawisi blabag piranti ngoewot baé

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

loro, nanging, dawané blabag maoe moeng pada lan ambané bloembangé. Lah kaprijé bisané mleboe marang masdjid, sarana blabag loro maoe?

Aboe mikir mikir kongsi soewé, meksa doeroeng ketemoe, awit saka panemoené, doepèh blabagé loro baé, pandokoké koedoe djèdjèr, moelané jèn ditjoba ija tansah loepoet. Aboe bareng woes djoedeg, noeli trima ora bisa.

Brahim noeli nerangké: „Mara, saiki blabag sidji dipalangaké mangkéné, bandjoer sidjiné ditoempangaké mangkéné. Iki mesti kena kanggo ngoewot."



A. Ija, wis kalah akoe.

14. Aboe lan Brahim.

A. Brahim! saiki kowé ng'sènana kotokan iki nganggo angka 1 toemekané 7, nèk digoenggoeng, mrana-mréné ketemoe 28.



B. Mara dakisènané, jèn bisa opahé apa?

A. Ora opah-opahan. Moeng jèn kowé pantjèn wis bisa, ikoe isènana kang bener, teloeng menit baé.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Jèn ora lali ija bisa. Rak ija mangkéné, ta?

4	3	2	1	7	6	5
1	7	6	5	4	3	2
5	4	3	2	1	7	6
2	1	7	6	5	4	3
6	5	4	3	2	1	7
3	2	1	7	6	5	4
7	6	5	4	3	2	1

A. Ija mangkono.

15. Brahim lan Aboe.

B. Aboe! akoe saiki takgawé kotakan nganggo dimik rèk, kaja mangkéné:



(Dimik 10). Kotakan teloe ikoe takwoe-woehi dimik rèk 4, mara iki gawénen pasagi dawa, tjatjahé ija teloe.

A. Ija dakpasangé.



(Dimik 14). Rak ija, ta?

B. Bener.

16. Aboe lan Brahim.

A. Mara akoe genti takon Brahim! Ana kotakan 5, kang digawé dimik rèk 15, ikoe djoepoeken 3 dimiké, soepaja kari kotakan 3. Nanging adja pi-san-pisan njandak dimik rèk ikoe, jèn doeroeng bener temenan. Da-di ndjoepoek sapisan, bisa bener.



B. (Brahim mikir-mikir, bareng woes dikira bener, noelindjoe-poek kambi tjalatoe): „Mara delengen!"



(Katerangan: kang katjorèk ikoe kang didjoepoek).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

17. Brahim lan Aboe.

B. Pikiren Aboe! Ana woh, djenengé jèn ditoelis ana teloeng wanda. Ikoe nèk wandané didjoepoek sidji, kari lima, ikoe woh apa?

A. O, ikoe rak wis dianggo tjangkriman ana ing pangkat III, *delima*, ikoe batangané. Ikoe rak ana ing serbanéka, ta?

B. Doedoe, kaé rak tjara mlajoe, wah déné 6 aksara didjoepoek rong aksara, kari 5. Apa kowé bisa nerangaké, ta?

A. Bisa, rak mangkéné ta :

de- li- ma = 6 aksara
—de = 2 aksara

Kari li- ma = 5.

B. Ija bener. Lah tjangkrimankoe iki maoe, terangé kaprijé?

A. Mangkéné:

de- li- ma = 3 wanda
—de = 1 wanda

Kari li- ma = 5.

B. Ija wis bener.

18. Aboe lan Brahim.

A. Mara Brahim iki pikiren: Ana wong tampa paoekoeman gantoeng, prakara anggoné ngètjoe, matèni kang doewé omah. Bareng wong maoe wis goemantoeng, bandjoer ana Walanda loemajoe marani kang digantoeng maoe, karo angliga pedang, kanggo medot taliné. Djaré ikoe pokroel. Kaprijé teka wani medot tali maoe.

B. Si pokroel maoe rak mesakaké.

A. Sababé apa teka mesakaké?

B. Djaré pokroel ikoe olèh opah karo sing dipokroeli.

A. Kadjaba ikoe, moelané pokroel maoe wani medot dadoeng djireté maoe, djalaran poetoesané landrad, wong kang dioekoem maoe moeng dioekoem gantoeng, ora di seboetaké soewéné, lan ora diseboetaké samatiné. Jèn karepé, angger digantoeng ija koedoe mati.

B. E, dadi mangkono.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

19. Brahim lan Aboe.

B. Mara iki isènana angka oeroet 1 toemeka 25. Nèk digoengoeng mrana-méné ketemoené 65.



A. (Aboe mikir-mikir, soewé-soewé noeli ketemoe, tjalatoené): „Rak ija mangkéné ta?"

9	2	25	18	11
3	21	19	12	10
22	20	13	6	4
16	14	7	5	23
15	8	1	24	17

B. Ija bener.

20. Aboe lan Brahim.

Anoedjoe sawidjining dina Aboe karo Brahim dikongkon toekoe tètès marang patjinan, wadahé gendoel, toetòepégaboes. Bareng woes olèh tètès, noeli digawa moelih, ana ing dalan Aboe tjalatoe: „Brahim! apa kowé bisa ngiling tètès kang ana ing gendoel iki, tanpa mboekak (njopot) gaboesé?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Lah mbok sing kanda ikoe, ija ora djégos.
A. Wis bisa kanda mesti bisa.
B. Nèk bisa takopahi 5 sèn.
A. Temenan apa ?
B. (Brahim mikir-mikir disik watara soewé. Nanging pamikiré meksa kentjeng ora bisa metoe tètèsé, jèn toetoepé ora ditjopot, wangsoelané): „Ija wis kaprijé?" (Brahim. ngoeloengaké kambi tjalatoe): „Enja. Ora djamak temen pinteré, nèk njata bisa."
A. Delengen, saiki gaboesé ora daktjopot, nanging daklebokaké. Mara ilingen, metoe apa ora.
B. Wé, lah, kalah saparo akoe. Ja wis, pèken.

21. Aboe lan Brahim.

Ing wajah awan pinoedjoe dina Minggoe, Aboe karo Brahim pada dolan ana satjedaké pawon, embokné panoedjoe nggorèng gerèh. Si Brahim bareng mamboe gerèh digorèng, noeli alok: „Wah amboené, gerèhé."

Embokné kroengoe anggoné ngelokaké si Brahim maoe, noeli tjalatoe: „Wah teka landep panggandané si Brahim ikoe."

Brahim bareng kroengoe kandané embokné maoe, noeli mangsoeli: „Moeng saka kéné saka kono baé ora landep ikoe opa nijat. Lah mbok saka kéné saka kana, ija mamboe."

Aboe kroengoe wangsoelané si Brahim mangkono ikoe, goemoejoe, sarta bandjoer pitakon: „Brahim! apa kowé seneng dioenèkaké landep panggandamoe?"

B. Wong njata landep ora seneng ikoe ana apa.
A. Dadi jèn mangkono kowé gelem diseboet asoe.
B. Lo, kaprijé ta. Apa kang landep panggandané ikoe asoe ?
A. Lah, apa?
B. Ah, jèn mangkono akoe emoh, jèn dioenèkaké mangkono.
A. Lah, ja wis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

22. Brahim karo Aboe.

B. Ana botjah noelis mangkéné: [dja / ta] ikoe takoenèkaké: djata, ikoe djaré loepoet. Lah kaprijé panemoemoe?

A. (Aboe mikir sadèla, noeli mangsoeli): „O, ikoe karepé: *dja* mingkrik-mingkrik, *ta* dikoeroeng."

B. Lah ija mangkono. Oeniné kaprijé?

A. Oeniné: *djangkrik taroeng.*

B. Kaprijé teka mangkono oeniné?

A. Mangkéné: Temboeng mingkrik-mingkrik, diwantjah *ngkrik*; koeroeng, diwantjah *roeng*; *dja* disamboeng karo *ngkrik* moeni *djangkrik*; *ta* disamboeng karo *roeng* dadi *taroeng.*

B. Ija mangkono karepé.

23. Aboe karo Brahim.

Anoedjoe sawidjining dina, Aboe nonton wajang, ngroengoe leloetjon. Bareng moelih noeli kanda marang Brahim, soepaja dibatang.

A. Brahim akoe doewé tjangkriman, roengokna: Si wa ora apa-apa, si da dipéngkal. Ikoe djaga apa?

B. Ikoe apa tjangkriman. Ikoe rak ngarani wong djaga djaran, ora apa-apa meksa dipéngkal.

A. Ha, ha, ha! Lah wong ora kopikir tenan. Mara takmoeni sapisan engkas, roengokna lan pikiren tenan: Si wa ora apa-apa, si da dipéngkal. Ikoe djaga apa?

B. O, lah ikoe apa, sing marahi. Lah wong moeni „wa" baé nganggo didokoki „si". Moeni legena baé disalini „ora apa-apa". Dadi akoe ora ngerti.

A. Jèn ora mangkono djenengé doedoe tjangkriman, kok mokal. Karo dèné manèh, apa „wa" baé dikon njeboet „Radèn" mangkono.

B. Ija, wis ngerti akoe. Wa ora apa-apa ja ikoe wa legena. Da dipéngkal (dya). Dadi karepé „wadya". Ija apa ora. Dadi wadya ikoe djaga kongkonan, awit tegesé batoer.

A. Ha, ha, ha! Ija mangkono.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

24. Aboe lan Brahim

B. Mara badénen Aboe. Angger mandeg, sikilé sapoeloeh pisan napak kabèh. Nanging jèn loemakoe kang napak moeng loro. Apa ikoe?

A. O, ikoe rak gampang baé goes. Ikoe wong ider ès mikoel angkring.

B. Ambak ambing ija.

25. Aboe lan Brahim.

A. Tjepoek malaéka, isiné emas salaka. Ikoe apa?

B. Tjepoeké wong kemasan.

A. O, adja kokira tjepoek tenan. Tjepoek mono ingatasé tjangkriman, moeng barang kang saèmper tjepoek. Jèn kokira mangkono, bakal ora matoek-matoek. Saiki ngéling-élinga, barang kang kajadéné tjepoek.

B. Mengko disik takpikiré ..... Wis trima ora bisa akoe. Kaprijé, apa ikoe?

A. Ikoe batangané endog. Endog ikoe rak kajadéné tjepoek ta. Lah isiné ikoe, koening karo poetih. Koeningé dioepamakaké emas, déné poetihé salaka.

B. Apa tjepoek malaéka ikoe kaja endog woetoeh mono.

A. Ora. Olèhkoe ndjenengaké „malaéka" ikoe moeng takanggo patoet-patoet baé, soepaja kajadéné ana tenan. Kadjoba ikoe takarah, wanda kang wekasan, bisaa nganggo aksara „ka" kabèh.

26. Brahim karo Aboe.

B. Saiki akoe genti. Nanging kawroeh loehoer temenan. Takpal, jèn kowé masti ora bisa.

A. Mara kaprijé.

B. Ing sadjroning baddan ana toelisé, lamoen ora dikawroehana, bakal roesak agamané. Mara kaprijé karepé.

A. O, lah, wong tjangkrimané Pétroek baé kok. Mara takterangné: Ing sadjroning baddan, karepé ing sadjroning

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

babadan, ja ikoe apa-apa kang dibabadi; ana toelisé, karepé ana watoené mendelis. Temboeng baddan, saka wantjahané babadan, nèk diketjapaké, swarané digawé „badan" mèn ditegesaké awak; toelis mèn dikira toelisan. Lamoen ora dikawroehana, bakal roesak aganané. Karepé: jèn ora kawroehan, bakal roesak gegamané. Gamané kang dianggo mbabad maoe roesak = gowang. Agamané karepé soepaja diarani agama, nanging satemené gegamané.

B. Ija, bener.

27. Aboe karo Brahim.

Anoedjoe sawidjining dina Aboe karo Brahim mentas madang, noeli dioeloengi manggis karo embokné nidji. Sadoeroengé manggis maoe pada dipangan, Aboe takon marang Brahim, temboengé: „Brahim apa kowé weroeh tjatjahing isiné manggismoe ikoe?"

B. Sapa sing bisa weroeh tjatjahé, jèn doeroeng dipetjah.

A. Akoe weroeh tjatjahé.

B. Mara jèn njata weroeh tjatjahé sadoeroengé dipetjah, iki, manggiskoe iki, pira isiné.

A. Jèn kebedèk takpèké, ija.

B. Ija. Nanging jèn ora kebedèk, manggismoe takpèk.

A. Ija. Endi takbatangé isiné. (Aboe noeli ngiling-ilingi kapalé (⊞) diétoeng katemoe papat. Noeli tjalatoe): „Iki isiné papat. Mara petjahen."

B. (Brahim metjah, sarta ngétoeng isiné, njata papat. Noeli pitakon): „Kaprijé Aboe, kowé teka bisa weroeh isiné sadoeroengé dipetjah?"

A. Lah ngertia. Kapalé manggis ikoe kang dakanggo tengeran tjatjahé isiné. Jèn kapalé ana papat (⊞) isiné mesti samono. Jèn kapalé ana sapoeloeh, isiné oega samono. Mboelané jèn kowé toekoe manggis, miliha kang akèh konoké.

B. Ija wis, kalah manggis sidji, nanging olèh kawroeh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Badan Pustaka

28. Brahim karo Aboe.

B. Ana reroepan loro, toenggal asal. Lamoen koempoel, poelih kaja wingi oeni. Apa ikoe?
A. Wah teka memet temen Brahim, mengko takpikiré. O, oejah karo banjoe, ikoe.
B. Ikoe loepoet.
A. Loepoet kaprijé, ta. Oejah ikoe kang digawé banjoe sagara. Mara jèn dikoempoelaké rak ija dadi banjoe.
B. O, ija, ding. Nanging ana manèh.
A. O, ès, ikoe, karo banjoe. Awit ès ikoe kang digawé banjoe. Jèn dikoempoekalé ija dadi banjoe.
B. Ah ija koewé, sirkoe.

29. Aboe karo Brahim.

A. Brahim! tjatjah 2 ikoe gandjil apa ganep?
B. Ganep, ngono.
A. Jèn loemrahé ganep, ja. Nanging ana barang moeng 2, teka diarani ora ganep. Apa ikoe?
B. O, ikoe pirantiné wong njerèt (tjoekit). Jèn genep koedoe teloe.
A. Kok pinter, si Brahim.

30. Brahim karo Aboe.

B. Angger dideleng mlajoe, dideleng mlajoe. Ikoe apa Aboe?
A. Ikoe gambar idoep.
B. Wo, doedoe.
A. Lah gambar idoep kaé apa ora mlajoe, jèn dideleng.
B. Wong tjangkriman mono, kang dioenèkaké mlajoe maoe, ora koedoe mesti doewé sikil.
A. O, ija wis ketemoe. Ikoe batangané koeping.
B. Lah jèn koeping ikoe bener, terangé kaprijé?
A. Manawa akoe arep ndeleng koepingkoe, koedoe méngo. Mangka jèn akoe méngo, koepingkoe ija méloe méngo, ikoe kang diarani mlajoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

B. Ija mangkono. Kowé rak meksa ora sida weroeh ta. Lah weroehmoe, koedoe kodeleng karo apa, soepaja adja mlajoe.
A. Karo pengilon, oetawa banjoe kang bening.
B. Ija bener.

31. Aboe karo Brahim.

Anoedjoe sawidjèning dina, Aboe karo Brahim pada sekolah. Bareng ngaso, Aboe tjalatoe marang Brahim, temboengé: „Brahim! sabakmoe kaé wangoené kaprijé?"
B. Pasagi dawa.
A. Mara Brahim, ngaranana barang kang ana ing awakmoe, kang wangoené pasagi bener.
B. Ora ana.
A. Wé, lah, bingoeng apa kaprijé, kowé ikoe.
B. Genah ora ana, mangkéné.
A. Lah iketmoe ikoe rak pesagi bener, ta.
B. Wé, ija. Anoe, olèhkoe moeni ora ana maoe, ora éling jèn iket ikoe pasagi. Sing marahi iketkoe ora goemelar.
A. Lah saiki, oepama ana iket, ambané 2 M, djembaré pirang M^2?
B. Lah dawané pirang M?
A. Wé, lah, botjah iki pantjèn lalèn, apa kodeng. Angger ambané 2 M, dawané rak ija samono, ta.
B. O, ija, ding, lah wong pasagi bener, ikoe amba lan dawané pada baé. Dadi iket maoe djembaré ana 4 M^2.
A. Ija, bener.

32. Brahim karo Aboe.

B. Aboe! akoé saiki wis doewé adji tangan dawa.
A. Wis pinter ngoetil apa?
B. Lo, kaprijé teka mangkono?
A. Lah wong sing dioenèkaké „tangan dawa" ikoe, wong kang demen njolong (tjlemer).
B. Ora mangkono karepkoe.
A. Lah, kaprijé?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Mangkéné: Akoe ngadeg ing satengahing kamar iki, sakoebengkoe dakgarit moebeng, akoe bisa ndjoepoek barang kang dakdokok ana ing podjoking kamar papat pisan iki, ora anglangkahi garitan maoe.

A. Takombé oejoehmoe, jèn bisa.

B. Nèk kandamoe ikoe njata, kelakon ngombé oejoeh temenan kowé.

A. Ija, temenan.

B. Wis ora soesah ngombé oejoeh, moendak ora énak, ngombéa banjoe baé, ngentèkna sakendi.

A. Ija.

B. Wis, ja, akoe ana tengah kéné. Sakoebengkoe dakgarit kapoer (ing klambiné), saiki akoe mlakoe ndjoepoeki barang ikoe. Lah, akoe ora nglangkahi garitan ing sakoebengkoe. Saiki kowé tetep ngombé banjoe sakendi.

A. Wé, lah, kedjégal akoe.

33. Aboe lan Brahim.

A. Saiki akoe arep ngetokaké ngèlmoe toewa, mara roengokna.

B. Mara kaprijé.

A. Wong jèn ora weroeh doenoengé kang daktakokaké iki, oeripé ora sampoerna. Mara takmoeni, mengko badénen: Sadjroning raga isi apa; soekma ngendi enggoné.

B. Wé, Allah, géné teka tjangkrimané Pétroek,

A. Lo, teka pinter. Kaprijé ta terangé?

B. Sadjroning raga isi apa. Temboeng „*raga*". karepé mèn diarani „raga" kang tegésé „awak". Nanging satemené „raga" jèn wong Soerakarta, wadah popok. Dadi sadjroning raga isi popok. Soekma, kerepé mèn diarani „*soekma*" kang tegesé „*njawa*". Nanging satemené saka wantjahané „*soesoeg lima*". Soesoeg ikoe piranti kanggo misaja iwak loh. Dadi manggon ana ing kali. Rak ija, ta?

A. Ija.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

34. Brahim karo Aboe.

B. Aboe! akoe olèh kawroeh saka njo Jan, moerid romah miskin Bogor.
A. Kawroeh apa?
B. Anoe, saoepama kowé noelis sawidjining tjatjah, kang doeroeng dakweroehi, ikoe akoe bisa mbadé.
A. Mara tjoba akoe daknoelis (10). Wis badénen, angka pira iki?
B. Mengko disik. Angka kang kotoelis ikoe woewoehana 1.
A. Ija, wis. (10 + 1 = 11)
B. Saiki goenggoengé tangkarna ping 3.
A. Ija, wis. (11 × 3 = 33).
B. Tangkarnané woewoehana 1.
A. Ija, wis. (33 + 1 = 34).
B. Goenggoengé ikoe woewoehana ing tjatjah kang kotoelis disik déwé maoe.
A. Ija, wis. (34 + 10 = 44).
B. Pira goenggoengé saiki?
A. Saiki dadi 44.
B. Lah jèn mangkono, sing kotoelis maoe tjatjah 10.
A. Lo, teka bisa weroeh. Kaprijé Brahim wadiné?
B. Lah weroeha. Tjatjah 44 ikoe maoe bandjoer dakdjoepoek 4, kekarèné dakpara 4. Jèn mangkono mesti bisa weroeh angka kang kotoelis.
A. E, dadi patokané, pakonmoe maoe kabèh, karo ikoe maoe?
B. Ija mangkono.

35. Aboe karo Brahim.

A. Mara iki badénen: Temboeng rong wanda, manawa dioenèkaké sapisan, tegesé araning kéwan. Nanging jèn dioenèkaké ping pindo, angger wong mesti kanggonan. Apai koe?
B. Wé lah, teka angèl temen Aboe, mara dakpikiré ..... O, wis ketemoe, ikoe temboeng, *oela*. Oela maoe manawa dioenekaké ping pindo dadi „oela-oela."
A. Ija bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

36. Brahim karo Aboe.

B. Akoe ija doewé, panoenggalané ikoe.
A. Mara kaprijé?
B. Roengokna: Temboeng rong wanda, oeniné: djenengé tjatjah. Nanging jèn dioenèkaké ping pindo, tegesé: djenenging gending. Mara temboeng apa ikoe?
A. O, ikoe rak gendingané Pentoel, rada lali akoe. O, gending loro-loro. Dadi jèn dioenèkaké sapisan, moeng moeni „loro (2)." Rak ija temboeng „loro" ta?
B. Ija.

37. Aboe karo Brahim.

A. Akoe isih doewé manèh Brahim, mara roengokna. Temboeng rong wanda manèh, tegesé: ora lali. Ikoe jèn dioenèkaké ping pindo, dadi djenenging gending. Mara badénen.
B. Wis tjeta banget. Ikoe temboeng: *éling*. Jèn dioenèkaké ping pindo dadi *éling-éling*. Gending éling-éling ikoe kang kerep ndjaloeki, wong kang doewé oedjar (anglcewari oedjar), kaja ta: Si Naja anaké lara banget, woes ngoewatiri. Dèwèké doewé oeni (oedjar), manawa anaké mari, bakal nanggap talèdèk 50 sèn. Jèn wis rampoeng (genep 50 sèn), adaté si Naja bandjoer ndjaloek imboeh gending éling-éling.
A. Ija bener.

38. Brahim karo Aboe.

B. Aboe! akoe arep basa karo kowé.
A. Ija, betjik.
B. Wonten peksi, manawi soekoenipoen dipoen itjali sadaja, ladjeng malih dados walang. Peksi poenapa poenika?
A. Doeroeng toemon akoe. Dadi walang apa malihé?
B. Inggih sawalang-walangipoen.
A. Doeroeng toemon kok akoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

B. Lah batanganipoen makaten: Poenika seratan: mawi aksara Djawi *Woeloeng* namaning peksi. *woeloeng* soekoenipoen koela itjali sadaja. Dados: *walang*.

A. O, takkira sikil, djeboel soekoe, sandanganing aksara (oe). Ija, wis ngerti.

39. Aboe karo Brahim.

A. Akoe ija doewé panoenggalané ikoe. Mara roengokna, akoe ija basa karo kowé.

B. Ija, kaprijé.

A. Gadah soekoe boten saged loemampah. Poenika poenapa ?

B. O, gampang baé. Ikoe goenoeng. Pérangané goenoeng kang ngisor déwé, ikoe arané soekoe.

A. Teka pinter Brahim.

40. Brahim karo Aboe.

B. Wonten satoenggaling kéwan, manawi woeloenipoen dipoen kerok ngantos resik, lan soekoenipoen dipoen itjali sadaja, ladjeng malih dados katjang. Kéwan poenapa poenika?

A. Ikoe kéwan *koetjing* (katoelis nganggo aksara Djawa); ikoe jèn woeloené diilangi, lan soekoené pisan, mesti mbandjoer dadi *katjang*.

B. Bener.

41. Aboe karo Brahim.

A. Ora maoedjoed, nanging angger wong bisa ngarani lan weroeh panggonané. Apa ikoe? Ingendi panggonané?

B. Barat, ikoe.

A. Apa kowé weroeh panggonané barat.

B. Ora.

A. Lah jèn mangkono loepoet pambatangmoe.

B. O, wis katemoe. Longan ikoe.

A. Ngendi panggonané?

B. Ing saantarané ambèn karo djogan.

A. Ija, bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

42. Brahim karo Aboe.

B. Aboe saoepama! kowé ikoe ora oedoed sadina baé, kaprijé ta?
A. Anoe, rasané kemba, mangkono.
B. Mara Aboe, ambakna kowé ikoe wis dojan oedoet mangkono, takbadé ora weroeh paédahé, olèhmoe oedoed ikoe.
A. Weroeh baé. Paédahé, ababkoe soepaja adja mamboe.
B. Lah ikoe loepoet, jèn mitoeroet kandamoe maoe.
A. Paédahé olèhkoe oedoed iki, samangsa ana dajoh, bisa ngoebjoengi. Tegesé: jèn dajohé demen oedoed, akoe ija njoegoeh rokok, lan akoe bandjoer ngemboeli oedoed.
B. Ija loepoet manèh.
A. Lah kaprijé?
B. Kowé maoe kanda, jèn ora oedoed, ing sadina baé, rasané kemba. Dadi karepé, jèn wis kooedoedi, rak mari ta? Jèn mangkono batangané, olèhmoe oedoed ikoe, perloené kanggo tamba kemba.
A. Ha, ha, ha! Ija bener kowé.

43. Aboe karo Brahim.

A. Brahim! akoe karo kowé arep-arepan. Ewadéné akoe ndoemoek sawidjining barang, kowé ora weroeh sing dakdoemoek.
B. Apa sing kodoemoek demit?
A. Demit ikoe apa ta?
B. Demit mono ija lelemboet.
A. Lelemboet ikoe rak barang sing lemboet ikoe ta?
B. Lelemboet ikoe ora katon.
A. Apa saking lemboeté?
B. Ija, lah wong demit.
A. Wo, botjah nggloejoer ki. Sing bakal dakdoemoek mengko, doedoe lelemboet, (doedoe barang kang lemboet), jaikoe barang kang katon, kena dideleng angger wong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Généa teka akoe ora bisa weroeh.
A. E, ija pantjèn ora bisa weroeh.
B. Mara doemoeken, tak ndeleng.
A. Mara ija. Awasna dridjikoe iki. Akoe ndoemoek goendoelmoe. Apa kowé weroeh goendoelmoe?
B. Ha, ha, ha! Ija, kalah akoe.

44. Brahim karo Aboe.

B. Aboe! mara noelisa tjatjah loro, kèhkèhé 9. Mengko dakbatangé kabèh.
A. Ija, wis. (4, 9.)
B. Tjatjah sing gedé (sing akèh) tangkarna × 2.
A. Ija, wis. (9 × 2 = 18).
B. Tangkaranè noeli woewoehana 5.
A. Ija, wis. (18 + 5 = 23).
B. Goenggoengé ditangkaraké × 5.
A. Ija, wis. (23 × 5 = 115).
B. Saiki bandjoer woewoehana tjatjah kang tjilik.
A. Wis. (115 + 4 = 119).
B. Pira kabèh?
A. Kabèh 119.
B. Jèn mangkono, kowé noelis tjatjah 9 karo 4.
A. Lo, kaprijé weroehmoe?
B. Iki kawroeh saka nja Jan. Moelané bisa weroeh, awit 119 noeli dakdjoepoek 25 kari 94. Angka 94, ikoe rak 9 karo 4 ta?
A. E, dadi patokané kaja kandamoe maoe.
B. Ija.

45. Aboe karo Brahim.

A. Mara badénen Brahim! Ana temboeng rong wanda, tegesé: panganggo. Nanging jèn dioenékaké ping pindo, dadi péranganing awakmoe. Apa ikoe?
B. O, ikoe ..... Anoe, temboeng: *épék*. Epèk (kamoes), jèn dioenékaké ping pindo, dadi: èpèk-èpèk. Rak ija, ta?
A. Bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

46. Brahim karo Aboe.

B. Kang nganggo ora weroeh, kang weroeh emoh nganggo. Ikoe apa?
A. Ikoe . . . . . terbela.
B. Kaprijé terangé?
A. Kang nganggo terbela ikoe sapa ta? Rak wong mati. Apa weroeh jèn dèwèké nganggo terbela? Mesti ora. Lah apa wong oerip gelem didokok ing terbela? Mesti ora gelem.
B. Ija bener.

47. Aboe karo Brahim.

A. Brahim! akoe maoe weroeh toelisan, dipasang ana sadoe-woering lawangé wong dodol, oeniné mangkéné: „*Béndjing éndjing sadéngah tijang, kénging neda sadéan ingriki, tanpa mbajar.*" Ambok tjoba, sésoek pada nglegakaké teka mrana. Lah, wong mangan tanpa mbajar baé kok.
B. Kaprijé, kowé teka arep nglegakaké mrana? Apa kokira bakal ora kena bajaran?
A. Jèn didjaloeki bajaran, ija bandjoer ngélingaké pamasangé toelisané kaé, ngono.
B. Koélingna ija isih ndjaloek bajaré panganan kang woes kopangan, lah wong temboengé sing dodol wis ditata te-menan.
A. Ah, mesti ora bajar.
B. E, lah si Aboe arep mirangaké awaké. Dakkandani, ja. Toelisan ing kana maoe rak ora njeboetaké tanggal, dina lan taoen ta?
A. Ora.
B. Lah, dadi toelisan maoe jèn diwatja sésoek, kaprijé oeniné?
A. Lah ija isih pada.
B. Rak ija isih nganggo temboeng sésoek ta?
A. Lah, ija.
B. Lah ngertia. Karepé sing dodol, manawa kowé ana kana wis bikoet, oepama entèk saroepijah, sirmoe noeli arep

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

loenga baé. Kowé mesti ditjandet, dikon bajar disik. Jèn kowé ngélingaké toelis maoe, mesti kalah prakaramoe, awit ing kono isish moeni sésoek.

A. O, ija. Ah ja wis, ora sida.

48. Brahim karo Aboe.

B. Mara Aboe! oepama ana wong adol saoto djèdjèr-djèdjèr. Wong sing aran si Soeta, noelis mangkéné: „Saoto sadjèdjèr poenika ingkang étja pijambok, saoto koela (Soeta)." Kaprijé olèhé arep angalem énaké ngoengkoeli tinimbang saotoné si Soeta?

A. Mangkéné: „Saoto sapeken poenika, ingkang étja pijambak, saoto koela (Naja).

B. O, jèn mangkono isih kaoengkoelan: mangkéné: „Saoto koela poenika taksih menang étja tinimbang saotonipoen „Naja." Lah dadi saoto sapasar isih kalah énak karo ikoe.

A. O, ija, ja.

49. Aboe karo Brahim.

A. Ija djenengé, ija rasané. Apa ikoe?

B. O, gampang baé, sepet, ikoe. Sepet ikoe rasané ija sepet.

50. Brahim karo Aboe.

B. Ora roemasa oetang, nanging teka nitjil salawasé oerip. Apa kang ditjitjilaké?

A. Panganan, kang ditjitjilaké.

B. Kaprijé terangé?

A. Mangkéné: Kang dakoepamakaké motangaké: weteng. Jèn nampakaké tjitjilan koedoe marang tjangkem. Akoe saben dina mesti mangan, ikoe kang dakarani awèh tjitjilan.

B. Ija, bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

51. Aboe karo Brahim.

A. Dipangan nglarani awak, ora dipangan, ija nglarani awak. Apa ikoe?
B. Ikoe tjandoe.
A. Kaprijé terangé?
B. Mangkéné: njerèt ikoe marahi roesak marang awak, ija lara marang atiné. Awit, roepa bagoes malih dadi atjloem; lambé abang, dadi biroe; awak rosa, dadi kejèjat-kejèjèt; banda atoesan dadi entèk; ora saèn, dadi saèn. Jèn ora diserèti, bandjoer awaké sakodjoer krasa lara, malah-malah ngising mangsoer-mangsoer.
A. Ija, bener.

52. Brahim karo Aboe.

B. Ana goenoeng, jèn ditoelis ana teloeng wanda. Manawa wandané kang ngarep (wiwitan) diilangi, bandjoer ateges emban. Goenoeng apa ikoe?
A. Ikoe goenoeng Merbaboe.
B. Kaprijé terangé?
A. Mangkéné: Mer - ba - boe.
- Mer

kari baboe = embané wong Walanda.

B. Ija, bener.

53. Aboe karo Brahim.

A. Ana nagara, jèn ditoelis ana patang wanda. Wandané kang loro ngarep, ateges djenenging wong. Dèné kang rong wanda boeri, ateges djenenging kéwan kang manggon ing bangawan. Apa ikoe?
B. Ikoe Soerabaja. Terangé mangkéné: Soera, ikoe rong wanda kang ngarep; baja, ikoe rong wanda kang boeri. Panggonané baja, ing bangawan.
A. Ija, bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

54. Brahim karo Aboe.

B. Apa sababé, djamboe kloetoek weton ing désa Tambong, bawah kaboedidajan Troetjoek Klatèn kang arep katoer ing saandap Sampéjan-dalem ing Soerakarta, ndadak ditjemploengaké ing banjoe, endi kang koemambang, ikoe sing katoer.
A. Awit kang koemambang ikoe djamboe kang apik (énak).
B. Kadjaba énak?
A. Akoe doeroeng mangerti.
B. Lah, ngertia. Kang koemambang ikoe tanpa isi.

55. Aboe karo Brahim.

A. Doewé telalé doedoe gadjah, mbrengengeng doedoe kombang. Apaikoe?
B. Ikoe lemoet.
A. Ija, bener.

56. Brahim karo Aboe.

B. Jèn dikoerebaké isi, jèn diloemahaké kotong. Apa ikoe? Ana ingendi anggoné ngoerebaké?
A. Ikoe topi. Jèn dikoerepaké ing endas, ija isi endas.
B. Bener.

57. Aboe karo Brahim.

A. Mangan sapisan, wareg salawasé. Ikoe apa?
B. Ikoe, bantal.
A. Ija, bener.

58. Brahim karo Aboe.

B. Aboé! ing boekoe tjarita anèh 214 kaé rak ana sing moeni mangkéné: „Akoe doewé wedoes. Sapa sing weroeh tjatjahé anaké wedoeskoe, lima pisan bakal takwènèhaké ....." Apa kowé ija weroeh anaké wedoes maoe?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

A. Weroeh. Tjatjahé anaké ija lima, kang bakal diwènèhaké kabèh maoe.

B. Ija, bener.

59. Aboe karo Brahim.

A. Mara wong iki males ngoenèkaké asoe apa ora, Brahim? Ana wong tjalatoe mangkéné: „E, asoe, généa kowé wani njolongi térong tandoerankoe?" Wangsoelané: „Inggih, bapak, sampoen sapisan poenika kémawon."

B. Genah jèn males. Tandané moeni bapak. Awit angger anaké asoe, bapakné mesti ija asoe.

60. Brahim karo Aboe.

B. Mara kang noenggang kréta iki katoet dioenékaké gento, apa ora. Ana wong leloengan, noenggang kréta. Kabèh wong 4 dadi sakréta. Bareng lakoené woes rada adoh, noeli ana wong nggontjèng nganti loro. Koesiré weroeh jèn digontjèngi ing wong, noeli tjalatoe: „Eh, gento, moedoena, djarané wis kesel. Apa kowé ora weroeh, ta, jèn ing djero wis ana papat?

A. Sing noenggang papat pisan ikoe genah jèn katoet dioenékaké gento. Awit mentas ngarani (njeboet) gento marang kang nggontjèng, bareng ngarani kang noenggang ora koseboet apa-apa, dadi karepé oega kaseboet kaja wong nggontjèng maoe. Padané iki, botjah kang aran Saliman moeni: „Akoe mengko arèp adoes." Salimin oega moeni, njamboengi Saliman: „Akoe ija." Dadi karepé: ija adoes.

B. Ija, bener.

61. Aboe karo Brahim.

A. Ana kéwan, jèn ditoelis djenengé, ana rong wanda. Jèn djenengé maoe dipanambangi: *an*, dadi: wong kang gawéné atjolong djoepoek, terkadang nganggo angroda paksa. Kéwan apa djenengé ikoe?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

B. Ikoe batangané: *badjing*. Badjing + an = badjingan, ja ikoe araning wong, kaja kang kokandakaké maoe.

A. Ija, bener.

62. Brahim karo Aboe.

B. Ana barang jèn ditoelis ana patang wanda. Kang rong wanda saka ngarep, ateges wilangan. Déné kang rong wanda saka boeri, ateges kéwan kang tlatèn njenggoet ana ing panognan. Barang apa ikoe?

A. Ikoe batangané: *patang aring*. Patang, saka papat. Patang bénggol = bénggol papat; aring, kaja ta: sapiné aring, dadi kena disambi matjoel.

B. Ija mangkono.

63. Aboe karo Brahim.

A. Ana barang, jèn ditoelis ana rong wanda. Barang maoe piranti kanggo wewadah. Jèn sandangané wanda kang boeri maoe kanggo njandangi wanda kang ngarep, (nanging sidji baé), temboeng maoe noeli ateges: doeroeng ganep. Apa ikoe?

B. Ikoe batangané karoeng, (piranti kanggo wewadah) Jèn sandangané wanda kang boeri, salah sidji dielih, kanggo njandangi wanda kang ngarep, soepaja ateges: „ora ganep" dadi: karoeng, soekoené wanda kang boeri, kanggo njandangi wanda kang ngarep, dadi: koerang.

A. Ija mangkono.

64. Brahim karo Aboe.

B. Ana kéwan, djenengé ana rong wanda. Manawa dipanambangi *un*, tegesé: djenenging barang kang sok dianggo nando doewit. Kéwan apa ikoe?

A. Ikoe tjèlèng. Tjèlèng + an = tjèlèngan (piranti kanggo nando doewit).

B. Ija bener.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

65. Aboe karo Brahim.

A. Ana wong djenengé limang wanda. Manawa kang rong wanda saka boeri dipisah oetawa dipada, dikoma tegesé dadi: Wong saroe, meksa. Sapa djenengé temenan?

B. Djenengé temenan: Wongsaroemeksa.

A. Ija bener.

66. Brahim karo Aboe.

B. Ana woh djenengé teloeng wanda. Jèn wanda kang ngarep dèwé diboewang, tegesé: nakoni gelem lan oranè. Jèn wanda kang tengah sing diilangi, tegesé: jèn diitik-itik ndjola. Dènè jèn wanda boeri dèwé diilangi, tegesé: ora loepoet. Woh apa djenengé ikoe?

A. Ikoe woh kenari. Kenari — ke = nari; kenari — na = keri; kenari — ri = kena.

B. Ija.

Tambahan I.

Ana sawidjining botjah lanang, anoedjoe sawidjining dina dolan menjang pasar, nggawa sangoe doewit satali. Bareng botjah maoe woes tekan ing pasar, dilalah karasa loewé, noeli miling-miling marang bango. Ing kono kang dikepèngini saoto. Botjah maoe noeli loemeboe ing saoton. Ing kono noeli nemboeng marang kang dodol, temboengé: „Kang! koela samang doli saotoné."

Kang dodol bareng kroengoe temboengé botjah maoe, noeli doewé gagasan, ing mengko saoto samangkok bakal diregakaké satali. Mangka mestiné moeng limang sèn.

Kang adol saoto noeli ngoeloengi samangkok. Saoto ditampani karo botjah maoe, dipangan entèk, wis karasa wareg, noeli ngoeloengaké mangkok kotong, kanti doewit satali, temboengé: „Niki empoen, kang. Doewit talèn niki samang soesoeki rong ketip".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Badan Pustaka

Kang adol mangsoeli: „Saotoné niki waoe reginé samangkok satali."

Botjah maoe kagèt, temboengé: „Dadi samangkok waoe satali?" Sadjroné mangsoeli botjah maoe karo golèk akal kanggo males. Ora soewé noeli tjalatoe: „Lah iwaké niki pinten?" (Botjah maoe noedingi iwak sapiring).

Kang dodol mangsoeli: „Nikoe reginé limang sèn."

Botjah maoe bareng diwangsoeli regané iwak sapiring kang dikira rega saroepijah, mangka moeng diwangsoeli rega limang sèn, noeli énggal-énggal ngoekoep iwak ikoe kabèh, sarta tjalatoe: „Enggih koela arepi limang sèn."

Kang dodol bareng weroch iwaké sapiring kang medjadji saroepijah, digémbol karo botjah ikoe, noeli tjalatoe: „Pripoen teka sampéjan nggémbol iwak koela sapiring?"

Wangsoelané: „Samang waoe kanda *olèh* koela toekoe limang sèn."

Kang dodol: „Saniki samang balékaké, lah nikoe kabèh rega saroepijah."

Botjah: „Koela poeroen mbalékaké, nèk saota sing empoen koela pangan waoe samang regani napa loemrahé (limang sèn).

Kang dodol roemasa kawales, noeli gelem noesoeki rong ketip.

Pitakon:

Jagéné sing dodol saoto maoe ngregakaké saotoné samangkok satali?

Jagéné botjah kang toekoe maoe, teka wani ngoekoep iwak sapiring kang medjadji saroepijah?

Tambahan II.

Sawidjining toewan toko kerep dieboni barang dagangané karo sawidjining Walanda. Adat sabené toewan kang ngebon maoe jèn gawé lajang panemboeng mangkéné:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Tanggal ping 14 ndjoepoek barang (panganan) roepa:

roti 3 à f 0, 25 = f 0, 75
mèlek 4 à f 0, 50 = „ 2,.—

Goenggoeng f 2,75.

Noeli tèkené (tanda tangan).

Katjarita, toewan kang sok ngebon maoe, nggoné gawé panemboeng noeli disalini mangkéné:

Toewan.....!

Manawa ing kéné ana, akoe ndjaloek barang aroepa:

roti 3 à f 0,25 = f 0,75
ham 1 à f 3,— = „ 3,—

Goenggoeng f 3.75

Tèkené.

Toewan toko panganggepé marang lajang ikoe, kajadéné lajang bon. Moelané bareng tanggal sapisan, noeli nagih. Kang ngebon bareng ditagih, mangsoeli jèn ora ngebon. Kongkonané toewan toko bali. Bareng tekan ing toko, noeli kanda marang toewané, jèn si .....ora ngebon.

Toewan toko noeli niliki (matja) lajang pandjaloek maoe, bareng soerasané moeni *ndjaloek*, noeli trima, moeng kang doeroeng baé bakal diati-ati.

Tamat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

